

Machaswiv ki annapre yo baze sou konsèy pou COVID-19 ki pi resan ki soti nan CDC, OSHA ak lòt publikasyon. Moun ki gen pèmi yo responsab pou aplike distans fizik ak dispozisyon pou sekirite sou chantye pa yo. Objektif machaswiv sa yo se pou ede ou devlope ak jere mezi apwopriye pou chantye ou yo.

ASIRE DISTANS FIZIK SOU CHANTYE

- Travayè yo dwe kenbe yon distans sis pye youn ak lòt tout lè sa posib. Bay zouti pou ede yo make espas distans fizik la lè y ap akonpli travay yo. Mande pou travayè yo kenbe yon distans sis pye lè y ap tann pou antre nan pòt daksè pivotan yo, palan/asansè yo, eskalye yo, ak lòt espas komen yo.
- Anpeche travayè yo rasanble pandan reyinyon avan peryòd travay yo, pandan chita pale sou sekirite yo ak lòt rasanbleman menm jan.
- Espase orè yo pou fonksyon travay ki mete travayè yo toupre ansanm. Pa egzanp, travayè ki fè travay ki toupre lòt moun kapab travay nan peryòd travay diferan oswa jou diferan, oswa yo ka gen lè diferan pou kòmanse ak pou fini travay, sa gen ladan poz pou dejene yo ak manje midi yo.

OPERASYON AK DISTANS FIZIK

Se moun ki gen pèmi yo ki pou limite, nan tout mezi ki posib, tout operasyon kote yo pa ka respekte yon distans fizik ki apwopriye. Egzanp kote sa kapab poze yon pwoblèm ka gen ladan livrezon materyo, koule beton, ak enstalasyon plak anplat (Sheetrock) oswa miray fasad yo. Pou reyalize operasyon konplike sa yo epi respekte yon distans fizik, gen divès kalite estrateji ou kapab itilize, ki gen ladan:

- Ranplase yon travayè avèk mwayen mekanik pou operasyon ki egzije plizyè travayè.
- Monte baryè tanporè pou mezi pwoteksyon anplis tankou: plak anplat, fèy plastik, pleksiglas, elatriye.

MEZI SEKIRITE KI SIJERE

In addition to the above safety precautions, there are a variety of other strategies permit holders should employ to maintain physical distancing to keep your workers, and the public, safe. These include:


- Fè Kontwòl Tanperati yo: Sèvi ak yon tèmomèt san kontak pou pran tanperati travayè yo anvan ou kite yo vin sou chantye a.
- Lavaj Men: Mande pou tout travayè yo lave men yo byen pwòp anvan ak apre yon operasyon. Mete estasyon pou lavaj men ak dezenfeksyon men nan tout chantye ou.
- PPE: Tout travayè yo oblije mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki apwopriye. Si yon mask pa fè pati PPE yo itilize òdinèman pou yon travay byen presi, travayè yo dwe itilize yon pwoteksyon figi – nenpòt papyè oswa twal byen tache (tankou yon bandana oswa foula) ki kouvri nen ak bouch yon moun – si ou pa kapab kenbe omwen 6 pye distans ant tèt yo ak lòt moun.
- Baryè Tanporè: Monte tanporè baryè pou kenbe travayè yo separe pandan jounen travay la.
- Itilize Atik Pa Ou Sèlman: Dekouraje atoutfòs pou travayè yo itilize telefòn, tab biwo, biwo, zouti ak ekipman travay lòt travayè.
- Dezenfekte: Netwaye ak dezenfekte regilyèman zouti ak ekipman ki pataje yo.
- Voye Travayè ki Malad Lakay yo: Si nenpòt moun gen sentòm, voye li lakay li epi pa kite li sou chantye a.
- Karantèn Efikas: Travayè yo dwe rete lakay yo si yo malad. Yo pa dwe retounen nan travay la jiskaske tout kondisyon ki annapre la yo ranpli:
 - Sa fè omwen sèt jou depi sentòm ou yo te kòmanse.
 - Ou pa te janm gen lafyèv oswa ou pa te gen lafyèv pandan twa jou ki anvan yo san ou pa te pran medikaman pou bese lafyèv tankou Tylenol oswa ibuprofen.
 - Maladi ou an amelyore anjeneral.
- Fèmen Li: Fèmen chantye a si distans fizik pa ka respekte.

Bon abitud lasante ka ede sispann gaye jèm yo epi anpeche maladi respiratwa. Sèvi ak konsèy sa yo pou pwoteje tèt ou ak lòt moun:

Netwaye ak dezenfekte objè ak sifas moun manyen souvan yo.



Netwaye zouti ak ekipman yo avèk ti sèvyèt mouye ak dezenfektan apre chak itilizasyon. Pou zouti ak ekipman ki pi gwo yo, siye oswa flite sifas la oswa zouti a avèk yon solisyon ki gen 5 gwo kiyè (1/3 kèp) klowòks pou chak galon dlo. Kite solisyon an chita sou sifas la pandan 5 minit pou touye tout jèm yo.



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.

Pratike bon ijyèn. Sèvi avèk savon ak dlo pou lave men ou byen pwòp epi souvan pandan omwen 20 segonn. Si savon ak dlo pa disponib, itilize sanitayzè pou men ki abaz sou alkòl.

Kouvri tous ou ak etènne ou avèk yon klinèks, apre sa jete klinèks la nan fatra.



Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon klinèks lè ou ap touse oswa etènne. Sèvi ak koudbra ou si pa gen yon klinèks disponib.

FASON POU REDUI PWOPAGASYON JÈM

- Pou pratike fizik distans, evite gwoup ak rasanbleman epi kenbe yon distans omwen 6 pye ak lòt moun tout lè sa posib.
- Espase reyinyon avan peryòd travay yo, oryantasyon nouvo anplwaye, ak lòt reyinyon ki fèt fas a fas yo. Reyinyon sa yo dwe gen ladan enfòmasyon sou bon ijyèn, fason pou kenbe sifas yo pwòp, ak pwosedi sou sa pou fè si yon travayè santi li malad.
- Si yon travayè gen sentòm, ankouraje ke li dwe rete lakay li. Sipèvizè yo dwe kenbe yon dosye oswa rejis pou tout anplwaye yo voye lakay yo oswa ki rete lakay yo.
- Bay travayè yo aksè nan savon ak dlo pou yo kapab lave men yo souvan.
- Bay kòlèg travay yo yon rapèl amikal si ou remake yo bliye lave men yo, yo bliye kouvri bouch yo, oswa siye ekipman yo apre chak itilizasyon.

COVID-19

Sentòm COVID-19 yo gen ladan odinèman:

- Lafyè
- Tous
- Malgòj
- Souf kout

Sipèvizè yo dwe siveye travayè yo pou sentòm yo ki endike anwo a. Si nenpòt moun nan chantye a gen sentòm, voye li lakay li epi pa kite li sou chantye a